

Konsantman pou Patisipe nan Rechèch

Yo mande ou pou ou patisipe nan yon etid rechèch. Anvan ou dakò, yo dwe ba w yon rezime sou etid rechèch la. Rezime sa a dwe genyen enfòmasyon esansyèl pou ede w konprann rezon ki fè ou kapab vle oswa ou kapab pa vle antre nan etid la.

Anvan ou dakò, anketè a dwe pale avèk ou sou:

- (i) objektif, pwosedi, ak dire rechèch la;
- (ii) tout pwosedi ki eksperimental;
- (iii) tout risk, malèz, ak avantaj rechèch la ki previzib yon fason rezonab;
- (iv) tout lòt chwa pwosedi oswa trètman ki kapab benefik;
- (v) fason yo pral mentni konfidansyalite; epi
- (vi) kilès pou kontakte pou kesyon, plent, ak domaj.

Kote sa aplikab, anketè a dwe pale avèk ou tou sou:

- (i) tout konpansasyon oswa trètman medikal ki disponib si genyen domaj;
- (ii) posiblite pou risk ki pa previzib yo;
- (iii) sikonstans lè anketè a kapab mete fen nan patisipasyon w;
- (iv) tout frè ki ajoute pou ou;
- (v) kisa k ap rive si ou deside sispann patisipe;
- (vi) lè yo pral pale avèk ou sou nouvo dekouvenèt ki kapab afekte volonte w pou patisipe;
- (vii) ki kantite moun ki pral nan etid la; epi
- (viii) fason ou bezwen otorize itilizasyon enfòmasyon medikal ou yo pou etid la.

Patisipasyon w nan rechèch sa a volontè, epi yo p ap penalize w oswa ou p ap pèdi avantaj yo si ou refize patisipe oswa si ou deside kanpe. Lè ou siyen dokiman sa a sa vle di ke yo te dekri etid rechèch la, ansanm ak enfòmasyon ki anwo a ba ou yon fason vèbal, epi ou dakò pou patisipe yon fason volontè. Si ou dakò pou patisipe, ou dwe resevwa yon kopi dokiman sa a ki siyen ak yon rezime alekri rechèch la an Anglè.

Kesyon?

Si ou genyen kesyon, plent, domaj, oswa enkyetid sou etid sa a, ou ka kontakte anketè a pandan w ap itilize nimewo telefòn ki nan rezime etid alekri a. Si ou genyen kesyon konsènan dwa ou yo antanke yon patisipan nan rechèch la, oswa si ou genyen kesyon, plent oswa enkyetid ke ou santi ou pa ka diskite sou yo avèk Anketè a, tanpri kontakte Biwo Komisyon Revizyon Enstitisyonèl la pandan w ap itilize nimewo telefòn oswa adrès imèl ki nan rezime etid alekri a.

Non Patisipan an

Siyati Patisipan an

Dat

Mwen konfime ke mwen te prezan antanke yon entèprèt pandan dire pwosesis konsantman pou etid rechèch sa a. Mwen konfime ke mwen kalifye epi mwen genyen konpetans ki nesèsè pou bay entèpretasyon ant lang patisipan an ak lang Anglè. Lè mwen siyen fòmilè sa a, mwen konfime ke mwen te bay yon entèpretasyon ki konplè konsènan echanj ant chèchè k ap resevwa konsantman an ak patisipan an, selon tout sa mwen konnen.

Non Entèprèt la

Siyati Entèprèt la

Dat